Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Пали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 30 (6610) 23 июль 2018 с. Итни ЗулкъагIида 1439 с. Багьа 5 гъур.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

«Нусго школа», хIеж-2018, маданият...

Бакълъулазул мухъалъул кIиго школалъ «Нусго школа» программаялда гIахьаллъизе гIарзаби хъвана

16 июлалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана лъайкьеялъул учреждениял «Нусго школа» программаялда ва федералиялгун республикаялъулал проектазда гIахьаллъиялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад САйгидахIмадовас абуна сахлъи цIуниялъул учреждениязда лъикIаб хIал бугилан. «Исламалъул щуабилеб рукну-хIаж борхулеб заман тIаде щолеб буго. Гьенире унез гьаб соналъ тохтурзабахъе ун, медицинаялъул хал гьаби тIобитIизе ккола, рахунел унтабаздаса цIунизе вакцинация гьабизе ва цогидалги медицинаялъулал тIадал жал тIуразе ккола СагIудиязул ГIарабиязул

Къираллъиялъул тIалабазда рекъон»,-ян бихьизабуна МухIамад САйгидахIмадовас.

Араб анкьалъ районалде бачIана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб аваразул драмаялъулаб театралъул къокъа. Гьелъул ва маданиял учреждениядагун библиотекабазда тIоритIарал цогидал тадбиразул бицана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас бицана «Нусго школа» программаялда гIахьаллъизе бокьун букIин загьир гьабунин Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа аслияб школаз. Лъайкьеялъул гьел учреждениязгун хIадур гьарурал проектазул рахъ ккуни, кIиябго школалъе капиталияб ремонт гьабизе буго.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, кIвар буссинабуна тIоцебесеб иргаялда тIуразаризе кколел масъалабазде, щибаб бюджетнияб бутIаялда хIалтIул рахъи борхизабизе ккеялде.

«Гумбет» РИО

ТАРИХАЛДА ЛЪАЛКI ТАРАЛ МАГIАРУЛАЛ

Адыгазул цевехъан, аваразул бахIарчи

МухIамад-Амин Асиялав гьавуралдаса 200 сон тIубай кIодо гьабуна Гьонода

Гъуниб районалъул Гьонода росулъ 2018 соналъул 14 июлалда тIобитIана машгьурав пачалихъияв ва дияв хIаракатчи, хIапиз, гIалим, Шамил имамасул наиб, халкъалги цолъизарун, БакътIерхьул Кавказалда пачалихъ гIуцIарав МухIамад-Амин Асиялав ракIалде щвеялъул мажлис.

ХIапиз, наиб, гIадил, гIакъил, гIалим...

Мажлисалда кIалъазе вахъана машгьурав гIалим, республикаялъул гIемерал гIалимзабазулги мугIалим, районазда гьоркьосеб Гьонода бугеб исламияб централъул нухмалъулев ХIажи Ашаханов, Гъуниб районалъул имам МухIамад ГьитIинов, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, жамгIияв хIаракатчи, анцI-анцI документалияв тIахьазул автор Каримулла МухIамадов, МухIамад-Амин Асияласул цIаралда бугеб фондалъул нухмалъулев МухIамад Расулов ва цогидалги.

…МухIамад-Амин Асиялав (1818-1901) ккола машгьурав, цеветIурав инсан, Кавказалъул халкъазул миллияв бахIарчи. Кавказалда ккарал тарихияб кIваралъул лъугьа-бахъиназулъ гьесул кIудияб бутIа буго. Лъикьеразулъе. ТIоцеве МухIамад-Амин тIамуна ГьитIинаб Чачанлъиялда наиблъун. Гьеб заманалда Асияласулъ загьирлъана нухмалъи гьабиялъул, гIуцIарухъанлъиялъул ишазе бугеб бажари. Халкъалда гьоркьоб гьесул цIар тIибитIана

мерлъудасаго мисал бихьизабун цIалулев, гIелмабазде машгьуллъарав чи вукIана МухIамад-Амин. ГIолохъанлъуде вахиндал, гьев ккана Шамил имамасул божарал чагIазул ритIухъав наиб хIисабалда.

Халкъал цолъизаруна

Чанго соналъ Асиялас лъазаруна БакътIерхьул Кавказалъул халкъазул батIи-батIиял мацIал, гIадатал, гьезул яшав. Шамил имамас гьев хIадур гьавулев вукIана бакътIерхьул фронталда Кавказалъул халкъазул миллиябгун эркен гьариялъул къеркьеялде. 1848 соналда Асиялав ана Черкесиялде. Гьесда кIвана къокъаб болжалалда феодалияв зулмабазда рукIарал адыгазул халкъал цолъизаризе ва гучаб пачалихъ гIуцIизе. Гьеб пачалихъалда кIвана, би гIодобе тIураб рагъ дунялалъул бищун кIудияб улкаялъулгун бугониги, 11 соналъ жибго цIунизе.

Цереккунги ритIун рукIана Черкесиялъе Шамил имамас жиндирго наибзаби. Адыгазул миллатаз имамасда гьарулеб букIана жал гъункизаризе ва чияда рачIолъи цIунизе къеркьей гIуцIизе цевехъан витIеян. ХIажи-МухIамад (1842-1844) ва Сулайман-апанди (1844-1846) дагьаб механда гурони БакътIерхьул Кавказалда хутIичIо.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:

«Дир Дагъистаналъ» ахIулел руго

-2 гьум.

Питнадулазул къорикье ккунгутIизелъун...

-2 гьум.

Пенсия щолеб ригь борхизабиялъул законопроект: бахIсал ва хIакъикъат

-3 гьум.

Квартира под током

-4 стр.

Адыгазул цевехъан, аваразул бахIарчи

(Авал-тIоцебесеб гьум.)

Гьазда кIвечIо цоцазулъ дагIба-кьалалда ругел халкъал нухда рачине. МухIамад-Аминицайин абуни бачIинахъего таваккалго ва гIакъилго исламияб пачалихъ гIуцIиялъул иш билълъанхъизабизе байбихьана.

АнцI-анцI мажгитал рана, нус-нус вагIзаби гьаруна...

1849 соналъул авалалда МухIамад-Амин вагIза-насихIатгун абадзехазул ва адыгазул халкъазда цеве кIалъазе вахъана. Гьес гIалам исламалде ва шаригIаталде ахIана. XIX гIасруялдаги ислам босичIел гIадамал гIемер рукIана Шималияб Кавказалда. БакътIерхьул Шималияб Кавказалда мажусиял, гъветI-хералъе, тIабигIаталъе лагълъи гьабулел чагIицин рукIана. Асиялас дагIваталъул хIалтIи гIумруялде бахъинабуна. Шамил имамас гIуцIараб, дунялалда тIад цоги букIинчIеб Имамат абураб пачалихъалъул мисалалда, гьелъул низамги кьочIое босун, улка данде гьабизе квер бана гьес.

Абадзехиялда 12 махIкама гьабуна, щибаб махIкамаялда вищарав щуго чи толаан, гьезул кIудияс хIукмабиги къотIулаан. Гьедин 12 вилаят гIуцIана ва гIадлу-тартиб билълъанхъизабуна. Гражданиялги диниялги суалазул халгьабулаан гьел махIкамабаз.

МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) асхIабзабаз кинигин, Аллагьасул (т.гI.ж.ж) калам гIаламалъухъе щвезабулеб букIана Асиялас ва гьесул муридзабаз, рахъкколез. АнцI-анцI мажгитал рана, нус-нус вагIзаби гьаруна, БакътIерхьул Кавказ бусурбан гьабуна.

Ваамма, хирияв Аварагасда (с.т.гI.в.) данде гьесулго кьибилалъул къурайшиял рахъарал гIадин, адыгазул миллатазул чангиял МухIамад-Амин Асияласдаги дандеги рахъана. XIатта гьев чIвазеян гъоркьчIелалцин гьаруна. Асияласул гIадлу-тадбир бокьичIел такъсирчагIазул чорокал ишал рукIана гьел.

Исламалда киналго бусурбаби ращадал ругилан абун, гIемерал лагъзал тархъан гьаруна Асиялас. Гьеб сиясат рекIее гIечIо лагъзадерил хIалтIудасан пайда босун ругьунал гиназзабазе, уздензабазе ва цоги тIадчагIазе.

Крымалъул рагъ, султIанасул рекIкI, ЧIегIерралъдал угьди

Крымалъул рагъ (1853-1856) багъаридал, цо рахъалъ босани, гъазават цебетIезабизе лъикIал шартIал загьирлъана. Амма гьеб рагъ байбихьаралдаса ГIусманиязул империялъул султIанас МухIамад-Амин Асияласул нухмалъи жагъаллъизабизе лъугьана. БакътIерхьул Кавказалда султIанасул асар цIикIкIана ва гьесие бокьичIо Асияласухъ кинабго кверщел букIине. Натухаязул гиназ Сефер-бей Занги вукIана султIанас рахъккурав чи. Гьадин рикьи ккезабуна гьес адыгазул къеркьохъабазда гьоркьобе. Кин букIаниги, гьанжесеб Анапа, Сочи ва цогидалги шагьарал ругел бакIазде гIунтIараб, кIудияб пачалихъ гIуцIизе кIвана къокъаб заманалда жаниб МухIамад-Амин Асияласда.

Шамил имамасе кумек гьабизе 1855 соналъул августалда Асиялас боялгун сапар гьабуна Гъарачаялде. Имамасул анищ букIана Шималияб Кавказалдаго къеркьей багъаризаби ва киналго гъазаватчагIи цолъи. БакIалъулал халкъаз рахъкквечIолъиялъ, гьел мурадал тIурачIого хутIана.

БатIи-батIиял тарихчагIаз, цIех-рехчагIаз батIи-батIияб куцалда хъвалеб буго МухIамад-Амин Асияласул хIаракаталъул хIакъалъулъ. Амма гIемерисез, хIатта тушбабазул генералзабазцин, мустахIикъаб къимат кьолеб буго гьесул гьунаразе, бажариялъе, гIакъиллъиялъе ва кIодолъиялъе. XIX гIасруялда Шималияб Кавказалда Шамил имамасда хадусев чи вукIанин гьевилан хъвалел авторалги руго. Къеркьей чIезе тун хадуб, 1859 соналдаса бахъараб, адыгазул халкъал ГIусманиязул империялде гочине тIамуна, ЧIегIерралъдалъ гумиги гъанкъун, нус-нус чи хвана, цIияб бакIалда гьава-бакъ рекъечIогоги аза-азар чи хвана. Гьединаб пашманаб ва вахIшияб къисмат насиблъана БакътIерхьул Кавказалъе.

БакътIерхьул Кавказалда БакътIерхьунеб гIуж буго...

Адыгазул халкъазул рахъалде щведал, гьадинал мухъал херхун рукIана гьаб махъалаялъул авторас:

БакътIерхьул Кавказалда
БакътIерхьунеб гIуж буго.
Биялъ белъараб гIадин,
Ралъад багIарлъун буго.
ГIагарал кавказиял,
Черкесиялъул халкъал,
«Хвасар гьаре!» - ян абун,
АхIи рагIула нужер.
Жакъаги ЧIегIерралъдал
НигIматал росуларо
Черкесазул наслабаз –
Инсул гьан квинарилан.
Гьазул умумуллъидал
ГIурус ханас хъвехъарал,
Росу-ракьги тезабун,
Исиблъуде къотIарал.
Гъанкъанщинав мугьажир,
ЧIегIераб ралъад, дуца –
Зани чIвачIел, хоб гьечIел
Бичасул шагьидзаби.
БакътIерхьул Кавказалда
БакътIерхьунеб гIуж буго.
Биялъ белъараб гIадин,
Ралъад багIарлъун буго.
ГIагарал кавказиял,
Черкесиялъул халкъал,
ХIакълъунго чIегIерлъана
Нужее ЧIегIерралъад.
Ццидаца чIегIерлъараб
ЧIегIерралъдал квачIаца
ХъачIго хачалел руго
Шапсугазул кьураби.
Кьвагь-кьвагьун гъугъадана
Гъалараб чIегIераб зоб –
Бихъ-бихъун рехана гьеб
БилбагIараб пириялъ.
Панояб гьури буго
Адыгазул мугIрузда.
МагIу гьабулеб буго
Сагьвилаб гьаркьица гьелъ…
Кьабулеб буго къали
Къавкъазалъул хобазда.
Кьурдулеб буго улка
Черкесазул заназда.
Угьи-зигара буго
БагIараб Талаялъул.
Бидул махI тIагIинаро
ТIолго гIасрабаз гьаниб.
Гьонодаса Аминил
Иллагьиял гъазиял,
Ругънаца хIалбергьарал
Руго тIаде рахъунел:
– ТIокIаб бакIищ батичIеб
Ихтилат-кеп гьабизе,
Черкесазул АхIулгохI –
БагIараб Тала гуреб?...»

Мугьажирзабазул къисмат гIахьал гьабуна

Цо-цо тарихиял баяназда МухIамад-Амин рикIкIунев вуго Абхазиялъул ва Черкесиялъул имамлъун. Асиялав имам Шамилил цIаралдасан хIалтIулев вукIана, амма Имаматалдаса рикIкIад вукIиналъ, киналго хIукмаби жинцаго гьарулаан, бергьенлъаби щваниги, квалквалал кканиги, гьесда жиндаго тIаде бегун букIана нухмалъиялъул бакIаб борч. 1859 соналъул риидал имам Шамилица къеркьей гьоркьоб къотIизе тедал, МухIамад-Амин Асиялас, гьесдасан мисалги босун, лъазабуна БакътIерхьул Кавказалда жиндирго хIаракатчилъи танилан. КIудияб Кавказалъул рагъдаса хадуб ГIусманиязул империялда рещтIарал адыгазул халкъазул мугьажиразда гьоркьов вукIана гьев. Хвана 1901 соналда, вукъун вуго гьанжесеб Турциялъул Армуткой росулъ.

… МухIамад-Амин Асияласул наслуялъул чагIаз баркала кьуна мажлис гIуцIаразе ва киналго гьалбадерие. Гьонодисез мажлис тIобитIана тIадегIанаб даражаялда. Гьенир гIахьаллъана сверухъ ругел росабазул гIадамал, республикаялъул районаздаса ва шагьараздаса гьалбал. ЛъикIаб гьоболлъи, ракI рагьараб дандчIвай гьабуна гьонодисез. Аллагьас МухIамад-Амин Асияласул баракаталдаса махIрум гьаругеги нилъ. Амин.

ГIизудинил хIамзат

БАРКИ

26 июль – Дагъистаналъул Конституциялъул къо

26 июль ккола Дагъистаналъул Конституциялъул къо. Гьеб байрам щибаб соналъ кIодо гьабула тIолабго Дагъистаналъул халкъаз.

РакIчIараб буго районалъул гIадамаз, РФялъул халкъазулгун гьудуллъиги цолъиги щула гьабулаго, социалияб ахIвалхIал лъикIлъизабиялъулъ лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.

Киналго районцоязда ракIракIалъ баркула ДРялъул Конституциялъул къо. Гьарула щулияб сахлъи, талихI-рохел, рекъел, Дагъистан ва район цебетIезабиялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов

СИЯСАТ

«Дир Дагъистаналъ» ахIулел руго

«Дир Дагъистан» кадровияб проект биччаялда бан, Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуразарулев В.А. Васильевасул хитIаб

Хириял гьалмагъзаби!

Дагъистан жидерго ВатIанлъун рикIкIунел республикаялъул гIадамазде хитIаб гьабулеб буго дица.

Нужер щивав нугIлъун вуго, нилъер регион жиндирго цебетIеялъул цIияб этапалде лъугьун букIиналъе. Дагъистан тIегьаялъе гIоло къеркьолезул махщел бугеб, цIияб, къуватаб команда гIуцIулеб буго.

Гьаб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIелалдаго тIобитIана кадровияб конкурс. Гьелъ лъикIал хIасилалги кьуна. Бергьарав 14 чи хIалтIуде тIамуна, хутIаралги гьебго къагIидаялъ тезе руго. Кадраби тIаса рищиялъул цIияб этапалда руго нилъ гьабсагIат. Россиялъул президентасул Указалдалъун тасдикъ гьабураб «Россия- ресазул улка» федералияб, автономияб, коммерческияб гуреб гIуцIиялъул рахъкквеялдалъун, бажари бугел нухмалъулел тIаса рищиялъе нилъеца гIемераб хIалтIи гьабулеб буго.

Нужеде, Дагъистаналда божулел, республикаялъул букIинеселъе гIоло жавабчилъи бичIчIулел гIадамазде хитIаб буго конкурсалда гIахьаллъеян. Гьаб хитIабалъе жаваб гьабизе ахIулел руго Дагъистан тун къватIирехун ругел дагъистаниялги. Нужеда гьоркьор дагьал гьечIо бажари бугел нухмалъулел, лъикIаблъун рикIкIуна рокъоре тIадруссине. Нужер хIалбихьи, махщел хIажат буго республикаялъе, хIакъикъаталдаги, гьабсагIат нужер киназулго рес буго Дагъистан ва улка цебетIезелъун къеркьезе.

Цолъе! ГIахьаллъе! Хъвайхъвагай гьабе гьаб сайталда – Мой.Дагестан2018.рф. РитIе нужерго гIарзаби.

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

Питнадулазул къорикье ккунгутIизелъун...

ХIинкъи гьечIолъиялъул соналда хурхун, ЦIиликь мадрасаялда дандчIвай гIуцIана

Терроризмалъул идеологиялда дандечIеялъул мурадалда ва хIинкъигьечIолъиялъул маданияб соналда хурхун ЦIиликь росулъ мадрасаялда тIобитIана гьениб лъай босулезулгун дандчIвай.

Ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъул къокъаялда дандчIвай гьабуна мадрасаялъул мугIалим АхIмад ГIалидибировас ва бицана гьеб лъай кьолеб бакIалъул цIалул программаялъул. ЦIиликье сапаралъ ун рукIана ва кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул администрациялъул терроризмалда дандечIараб комиссиялъул специалист Абакар Абакаров, балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIул рахъалъ секретарь, ДРялъул муфтияталда цебе бугеб районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Рашид ХIабибов, ГОЧСалъул бетIерав специалист Мурадбег ХIажимурадов, ДРялъул муфтияталда цебе бугеб районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъан МухIамадрасул МухIамадов ва цогидалги.

ДандчIваялъул ахиралда АхIмад ГIалидибировас баркала кьуна ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъул членазе.

«Гумбет» РИО

ГАРА-ЧIВАРИ

Пенсия щолеб ригь борхизабиялъул законопроект: бахIсал ва хIакъикъат

Россиялъул Пенсиязул фондалъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул Бакълъулазул мухъалда бугеб гIуцIиялъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновасул баянал

Россиялъул хIукуматалъ Пачалихъияб Думаялде битIун буго пенсиялде унеб заман соназ тIаде бахъиялъул Законалъул проект. Проект гьабсагIаталда регионазда гьоркьоб лъолеб буго. Гьелда хурхун цо цо суалал кьуна районалда бугеб Пенсионнияб Фондалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновасе.

-ТIалхIат, рехсараб законалъул проекталда чIезабулеб буго пенсиялде унеб заман 65 сон бихьиназе ва 63 сон руччабазе. Кинал гIиллаби рачунел ругел Россияльул хIукуматалъ 5 соналъ бихьиназеги ва 8 соналъ руччабазеги пенсиялде унеб ригь нахъе бахъиялъе?

- Россиялъул Президент В.В.Путиница 2018 соналъул май моцIалда Госдумаялде гьабураб ХитIабалда хадусел соназда нилъер улкаялда тIуразаризе кколел чIахIиял масъалаби цере лъуна. Гьезда гьоркьоб кIудияб бакI ккола гьоркьохъеб гIумру Россияльул Федерациялда 80 сонилаб букIине ва щибаб соналъ пенсия 1000 гъурущалъ цIикIкIине кколин абурал масъалабаз.

Гьеб кIиябго масъала тIубазе ккани къваригIунел руго цIикIкIарал гIарцулал сурсатал, гIицIго пенсия цIикIкIинабизе гуребги, сурсатал хIажалъула гIумру лъикIлъизабиялда тIад хвезаризеги.

БакI ккун букIаго рехсезин инсанасул гIумру къокъ гьабулел хIужаби: гIемер гIадамал холел руго унтун, автоавариябазда, наркотикал ва гIаракъи хIалтIизабиялъ, кванилъ рекъоларел жал (химия) хIалтIизариялъ, сахаб лъим гьечIолъиялъ, шагьаразда гьава, кьишни заралияб кьагIидаялъ цIикIкIиналъ ва гIемерал цойги хIужабаз. Гьединлъидал В.В. Путиница цебе льураб, Россиялда гьоркьохъеб гIумру 80 сон букIине кколин абураб масъала тIубазабизе сурсатазул расход цIикIкIараб буго.

Пенсиялде унеб заман руччабазе 55, бихьиназе 60 сон чIезабуна 1956 соналъул 1 октябралдаса «Пачалихъиял пенсиязул хIакъалъулъ» СССРалъул законалда рекъон. Гьеб заманалда бихьизабулеб буго херлъи ва инвалидносталъул гIузраби кколел ругила бихьиназул 52 сон бараб заманалда ва руччабазул 50 сон барабго.

Черхалде гьедин хехго унтаби раккиялъе гIиллаги захIматаб кверзулаб (физическияб) доб заманалъулаб хIалтIи букIин. Жакъа техникаялъулал къагIидабаз инсан ворчIулев вуго гьеб захIматаб хIалтIи гьабиялдаса. Мисалал рачинчIониги бичIчIулеб суал буго гьеб.

Жакъа ругел 46.5 миллион пенсионераздасан 12.3 миллион чи хIалтIулев вуго. ГIадамал пенсиялде арал тIоцересел соназ Россиялда 50% хIалтIуда чIолел руго. Унтиги херлъиги кватIун гурони гIадамазухъе бачIунеб гьечIо. Цересел соназ гIадин гIадамасул черхалда хIал щолел хIалтIаби гьечIо. Гьедин гIумру халалъиялда цадахъ бухьинабизе ккола инсан 55/60 сон баниги хIалтIизе жинда бажарулевлъун жакъа къоялда вукIинги.

Нилъер пенсиябазул системаялде абула «солидарниябин». Гьелъул магIнаги ккола жакъасел хIалтIулел ругел гражданаз кьолел страховиял взносаздалъун кьолел рукIин жакъасел пенсионеразе пенсия. 4 чияс кьурал вносаз 1 пенсионер лъикIаб пенсия чIезабун «хьихьизе» бигьаго кIолеб буго. Гьедин букIана 1970 соназ. Жакъа къоялда цо пенсионер «хьихьизе» кIиго хIалтIухъан гурони гьечIо. Щибаб соналъ Россиялда хIалтIухъабазул къадар дагьлъулеб буго 400 азарго чияс, гьелдаго цадахъ пенсионеразул къадар цIикIкIунеб буго 1.5 миллионалъ. Пенсиязул системаялда гIелмуялда рекъон цо сон пенсиялье хIажат гьечIого букIине кколеб буго стажалъул кIиго сон. Россиялда цо сонил пенсиялде данде кколеб буго цо сон стажальул. Гьеб цIакъго данде кколареб хIужалъунги рикIкIунеб буго. СССРалъул пенсиннияб системаялда рукIинчIел цIикIкIарал сурсатал тIад унел хIукмаби гьаруна дол 90 - абилел соназги, жалго лъикIаллъун рихьизе бокьарал («популизм»), гьел соназул церехъабаз. Бихьулеб буго хиса-басиял гьаричIого рорчIулареблъи. Чанго нухалъ хIукуматалъ пенсиябазда хурхун хиса-басиял гьаризе кколин абулеб букIаниги, суал нахъе бахъун букIана. Амма финансовиял сурсатал гIолел гьечIолъиялъ ва экономикаялда кколел ругел хиса-басияз цIидасан хIукуматалъ пачалихъияб Думаялда цебе лъуна пенсиялде унеб заман цIикIкIинабиялъул суал.

Цо нилъер улкаялда ккарал хиса- басиял гуро, гьал тIадехун рехсарал экономикаялда жанир ругел захIмалъаби. Цо-цо хIукуматаз, жиндир заманалда гIумруялда кколел хисиял хIисабалде росун, анцIго соналъ цебе, цогидаз хадур, пенсиялде гIадамал унеб заманалъул роцен 65 соналде бачана.

- Пенсиялде унеб ригь чIезабулеб буго бихьиназе 65, руччабазе 63 сон. Кинаб къагIида хIукуматалъ пенсия чIезабиялда хIалтIизабизе бугеб ? ГIадамал 65/63 сон базегIан жакъа къоялдаса балагьун чIезейищ ругел?

- Гьедин балагьун чIезари киналго хIукуматазда гьабураб жо гуро. Нилъер хIукуматалъги проекталда бихьизабун буго тамахго суал тIубазабулеб къагIида. Гьедин «переходный период» абун заман цIалеб буго дагь-дагь ккун пенсиялъул ригь 2028 соналда 65 сон бан пенсиялде бихьиназе-10 соналда жаниб ва 2030 соналда 63 сон бан руччаби пенсиялде ине -16 соналда жаниб.

«Переходный период»-алда рекъон тIоцебе пенсия чIезабиялъул цIияб къагIида дандчIвала 1959 соналъул бихьиназда ва 1964 соналъул руччабазда. Гьел гражданазе пенсия чIезабула 61/56 сон барабго 2020 соналъ. Сонал анагIан, пенсиялде унеб заман дагь-дагь ккун тIаде цIикIкIине бугел ва 2034 соналда пенсия бихьиназе 65, руччабазе 63 сон барабго чIезабизе буго.

-Заман щвелалде (досрочная) пенсия чIезабулел педагогикиял ва медицинаяльул хIалтIухъабазул пенсиялде иналъул суал проекталда кин тIубазабизе бихьизабун бугеб?

- Педагогазе ва медицинаялъул хIалтIухъабазе жакъасеб законалда 60/55 сон балелде (досрочно) стажалде балагьун пенсия педагогазе 25 сонил стаж, медхIалтIухъабазе 30 сон стажалъул гIуралдаса кьола . ЦIияб Законалъул проекталда («досрочная»)-заман щвелалде кьолеб пенсия хвезабун гьечIо, амма буго гьелъул цо хаслъи. (Гьеб лъазе бокьарас пенсиязул фондалда цIехезе бегьула. Макъала цIакъго халалъулеб букIун гьаниб баян кьолеб гьечIо. Редакциялъул баян.)

-Кинал шартIал росулел ругел руччаби пенсиялде кIиго соналъ цере иналъе?

-1956 соналъ руччабазе пенсия бихьиназдаса 5 соналъ цебе чIезабиялъе хадур рехсарал гIиллаби рихьизарун руго:

- ХIалтIул рахъиги гIодобе кколеб, херлъиялъул гIаламаталги хехго раккулеб заман бихьиназулалдаса руччабазул 5 соналъ цебе кколеб буго - гIалимзабаз бихьизабулеб буго руччабазе пенсиялде цере ин бугила гьез гIемераб заман хIалтIуда баралда тIаде рукъалъул хIалтIиги гьабизе ккей ва бачунеб буго мисал: бихьинчияс рукъалъул хIалтIабазда 38 сагIат балеб батани, чIужугIаданалъ 114 сагIат балин моцIида жаниб, (шагьаралъул шартIазда 1956 соналъул статистика).

Лъицаниги дагIба базе гьечIеблъун рикIкIуна чIужугIаданалда тIад бугеб лъимал гьариялъул ва гьезие тарбия кьеялъул тIабигIияб, гьелъул хIурматияб борч букIин. Европаялъул хIукуматазда руччабиги бихьиналги пенсиялде унеб заман цого буго - 65 сон.

Европаялъул хIукуматазда хадур инчIого руччабазулги бихьиназулги пенсиялде унеб заман батIа гьаби кидаго Россиялъул Законазул хаслилъунги рикIкIуна ва чIужугIадан - эбелалъул тIабигIияб захIматалъул ва гIумруялъул адаб гьабиги ккола. Гьедин проекталда пенсиялде унеб заман бихьизабун буго бихьиназе -65 сон, руччабазе кIиго соналъ цебе-63 сон.

Гара-чIвари гьабуна Къурмагъиз ХIадисовалъ

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ...

Гьоболлъи – миллат ккураб хIуби

Нилъер щивасда тIадаб буго умумузулго букIараб гьоболлъи, гьудуллъи цIунизе

Дагъистаналда кидаго хасиятаб ва лъикIаб гIадат букIана гьоболлъи, гьудуллъи цIуни. Хасго тIибитIараб рагIи букIана тIохол гьобол абураб.

Дун Аргъвани росулъ цIалулел I957-I960 абилел соназ, ЧIиркъатIаса гIаданалъе гьавурав, Аргъваниса Шарипил ГIумарил вас МухIамадида цадахъ гьезухъе унаан. ГIумарица дида абуна мун лъил василан. Дица жаваб кьуна Солиманил ХIадисил вас вугилан. Гьес абуна мун жидер тIохол гьобол кколев вугилан. ГIумарил МухIамад хIалтIулев вукIана Аргъвани росдал колхозалъул председателасул заместительлъун, дун колхозалъул бетIерав зоотехниклъун. ГIолохъанаб заманалъул гIаламат букIун батила, тIохол гьоболин абурал рагIабазде гьеб заманалда кIвар кьолароан.

Нижер тIохол гьобол вукIана Игьалиса пахьул къебед ХIасан-хIусен. Гьесул вас МухIамад ва яцал кIудияб вацлъи-яцлъиялда рукIуна дир лъималгун. Гьединго тIохол гьалбал ккола Парил Камилил ва Мансурил хъизан-лъимал.

ЦIиликь росулъ нижер тIохол гьалбал рукIана АбулхIасанил МухIамад ва гьесул вац Халилулагь. Хъутаналде щваравго МухIамадил вас Нажмудинихъе ва МухIамадилги Халилулагьилги вац Дайитбегихъе уна дун. Дие Халилулагьица сайгъат гьабуна къурьан ва лъикIаб тIехь. Гьеб тIехьалда хъван буго: «Дица гьаб сайгъат гьабулеб буго дир бищун хирияв ва лъикIав гьудул ХIадисил Камилие. Биччанте лъазе нилъер вацлъи нилъер гьудуллъи лъималаздаги, хадусеб наслуялдаги»,-ян. Дир ва гьесул хъизан-лъимал гьесул васияталъе ритIухъал руго.

Дир вакьад Абулжанатил Сабул гьобол вукIана ЦIиликьа ГIалимирзал ГIумархIажи. Гьев хун зигаралъ араб механалъ дица гьесул васал ва дирго вас данде гьаруна ва абуна жакъа нужер эмен ана ахираталъул рокъове, метер-сезе дунги ина, дир васги нужги ккола гьалбал. Нужеца гьоболлъи гьоркьоб къотIизе тоге, кидаго вацлъигьудуллъиялда рукIа,-ян.

ТIоцеве ИчичIаливе щвараб механалъ дун рештIана мугIалим Ордашил МухIамадида. Хадуб гьоболлъи ккана МухIамадсайгидил Гъайирбегилгун. Гьесул лъимал нижехъ гьоболлъухъ рещтIуна.

Нижер гьоболлъи буго Гъадариб Айтекил КъурахIмайил чагIазулгун. Нижеца гьеб гьоркьоб къотIизе толеб гьечIо, Иншааллагь тезеги гьечIо. Гьединго гьоболлъи буго Щабдухъ-Исубил ХIажил, ЛъаратIа ГьитIинил, ТIад Инхоб Юнусил МуртазагIалил, Килалъ Валиласул МухIамадил чагIазулгун.

МелъелтIа буго дир инсул эбелалъул гIагарлъи. ГIагарлъи къотIизе теларинги абун дица васасе ячана инсул цунагIаласул ясалъул яс. Вакьадасул гьоболлъи букIана МелъелтIаса Къурбанил МухIамадилгун, Шамсужагьанил эбел-инсулгун ва цогидазулгун.

Рехсезе бокьун буго инсул росулъ рукIарал гьудул-гьалмагъзаби. Инсул кIудияб гьудуллъи букIун буго МухIамадбакъирилгун. Дицаги гьесул вас ХIажиясги, гIумруялъ лъикIаб гьоркьоблъи хвезе течIо. Гьединго дир инсул лъикIаб гьудуллъи – гьоркьоблъи букIун буго Салимил МухIамадилгун, хIежалде ун хадуб ХIажи абун цIар щварав МухIамадгIалихIажилгун. Гьесул вас ХIажил МухIамадидаги гьеб вацлъигьуинлъи лъалеб букIана. Ахиралдаги дица абила гьудуллъи, вацлъи, гьоболлъи умумуздасан нилъехъе щвараб бугелъул, гьеб цоцахъе кьезе кколин ва гьоркьоб къотIизе тезе бегьуларин. Гьеб цIунизе ккола наслабаз-наслабазухъе кьун. Аллагьас тавпикъ кьеги гьобол кIодо гьавизе.

ХIадисил Камил, ЧIиркъатIа росу

ОБЪЯВЛЕНИЯ

Отдел МВД России по Гумбетовскому району объявляет отбор граждан Российской Федерации до 35 лет, на постоянную работу, имеющих высшее техническое образование, ранее не судимых, годных по состоянию здоровья, на аттестованную должность инженера группы информационных технологий, связи и защиты информации (ГИТСиЗИ.

Требования:

- высшее техническое образование (промышленная электроника, сети связи и системы коммутации, радиотехника, радиоэлектроника и связь).
- наличие военного билета прошедшего службу в ВС РФ.
- уверенный пользователь ПК.
- умение работать с технической документацией и программным обеспечением.
- качества: любовь к работе с электроникой, умение находить технические решения, быстрая обучаемость, нацеленность на результат.

По всем интересующимся вопросам можете обращаться в РЛС ОМВД по Гумбетовскому району, телефон для справок 99-69-15.

Шамил Мажидов,
и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,
майор полиции

Общественная палата Республики Дагестан

«4» июля 2018 г. **№ ОП 00254**

В связи с поступающими сообщениями граждан о продолжающихся злоупотреблениях с обеспечением лекарственными препаратами в медучреждениях республики, Общественная палата Республики Дагестан для оперативного реагирования на нарушения в данной сфере возобновляет работу «горячей линии» по телефону (8722)78-08-41.

Поступившая информация будет оперативно доведена до контролирующих органов.

Просим Вас оказать содействие в информировании населения об открытии «горячей линии».

Председатель
А. Мачаев

ЛЪАЗАБИ

Шоферзабилъун рахъине бокьаразе

Дагъистан Республикаялда гьанжезаманалъул автошколазул цояб ккола «Престиж». ЦIалула цо моцIгун бащдалъ. Гьенире росула 17 сон барал гIолилал. цIализаруралъухъ кьезе ккола 12 азарго гъурущ. Руго санагIатал шартIал.

Адрес: МахIачхъала, Имам Шамилил проспект, 37, гостиница «Спорт» («Россия» кинотеатралда дандбитIун), 1 этаж, кабинет №9.

Тел: 8(8722)61-00-99
8(928) 511-55-54

ЛЪАЗАБИ

Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул гIемер батIи-батIиял махщалилал хIадурулеб колледжалъ цIализе къабул гьарулел руго 9 ва 11 класс лъугIарал гIолилал. Гьенир цIализе рес буго медицинаялъул, педагогикаялъул, экономикиябгун правовияб, компьютернияб технологиялъул отделениязда. Колледж лъугIаразе кьола пачалихъияб образецалъул дипломал.

Гьенире лъугьине бокьараз цIехрех гьабизе бегьула къабул гьариялъул комиссиялъул гьаб адресалда: МахIачхъала, Шамилил проспект 37/100 «Спорт» гостиница 1 этаж, кабинет №9 («Россия» кинотеатралда дандбитIун).

Тел: 8(8722) 61-00-99,
89280600202,
89285341757, 89152487222

ЗИГАРА

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ, информациялъул «Гумбет» отделалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник МухIамадгIали МухIамадгIалиевасда, вац Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хварасе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.

ПРАВА ЧЕЛОВЕКА

Квартира под током

Верховный суд России разъяснил, как судиться, если из-за скачков напряжения сломалась домашняя техника

Важные разъяснения сделала Судебная коллегия по гражданским делам Верховного суда РФ, когда пересматривала итоги спора нескольких граждан с энергетической компанией. У людей из-за скачка напряжения в сети испортилась вся домашняя техника - холодильники, телевизоры, компьютеры и прочее имущество.

Все началось с того, что в районный суд несколько человек принесли иски к сетевой компании энергоснабжающей организации.

В зале суда граждане рассказали, что они — потребители электроэнергии, которую они получают по договору электроснабжения. В конце августа случился скачок напряжения, и бытовая техника в квартирах вышла из строя. Пострадавшие граждане отправили энергетикам заявление и попросили возместить имущественный вред. Ответа они так и не по¬лучили.

Районный суд частично требования граждан удовлетворил, но далеко не все. Суд первой инстанции исходил из того, что гражданам был причинен ущерб «вследствие поставки ответчиком электроэнергии ненадлежащего качества». А еще райсуд записал, что ответчики не представили доказательств, что вред бытовой технике был причинен тем, что собственники сами нарушили правила эксплуатации своих приборов.

Апелляция такое решение коллег просто отменила и приняла новое — в иске пострадавших граждан отказать.

Причина — сами истцы не представили доказательств того, что неисправная бытовая техника на тот день, когда случился перепад напряжения, принадлежала им.

А еще граждане не убедили суд, что бытовые приборы пришли в негодность из-за скачка напряжения. Да, у истцов есть акт проверки Роспотребнадзора, но он не так оформлен, не хватает подписи проверяющих, поэтому не может служить доказательством.

Пострадавшие и недовольные таким решением люди попросили Верховный суд проверить правильность принятого решения. И высокая судебная инстанция с недовольством истцов согласилась.

Вот как пересматривал это дело Верховный суд. Он напомнил Гражданский кодекс (статья 1095).

Там сказано, что вред, причиненный гражданам или их имуществу из-за недостатков товара, услуг, работ или недостоверной информации, подлежит возмещению продавцом, изготовителем или тем, кто выполнял работы. Причем не имеет значения, был ли между ними заключен договор или нет. Но эти правила применяются, если товар, услуга или работы «приобретались в потребительских целях», а не для предпринимательства.

Еще Верховный суд сослался на Федеральный закон «Об электроэнергетике». В законе говорится, что поставщики электрической энергии отвечают перед потребителями за их «надлежащее снабжение» электроэнергией.

В Гражданском кодексе (статья 1098) сказано, что продавец или изготовитель освобождается от ответственности, если докажет, что вред от его товара или услуги возник из-за «непреодолимой силы» или из-за того, что потребитель нарушил правила пользования вещью.

А еще Верховный суд напомнил о своем пленуме (№ 17 от 28 июня 2012 года). Пленум был посвящен спорам о защите прав потребителей. И там была высказана важная мысль — «при разрешении требований потребителей необходимо учитывать, что время доказывания обстоятельств, освобождающих от ответственности за неисполнение или ненадлежащее исполнение обязательств, в том числе и за причинение вреда, лежит на продавце, изготовителе, предпринимателе или импортере».

Отсюда вывод - время доказывания того, что вред имуществу потребителей электроэнергии был причинен не в результате ненадлежащей работы энергетиков, а из-за других причин, лежит ... на энергоснабжающей организации.

Верховный суд подчеркнул—местная апелляция оставила без внимания то обстоятельство, что энергетики не представили в суде доказательств, что они «надлежаще исполняли свои обязанности» по договору с гражданами и приняли все меры, чтобы предупредить повреждение электросетей, из-за которых была авария, потом скачок напряжения, и в итоге вышла из строя бытовая техника.

В материалах суда есть акт энергетиков, в котором сказано, что августовской ночью на линию электропередачи упало дерево и произошло замыкание высоковольтных линий. Еще в деле есть акт проверки Роспотребнадзора и акт мастерской по ремонту бытовой техники, в котором сказано, что она вышла из строя из-за перенапряжения сети.

Верховный суд подчеркнул-по закону апелляция должна была указать мотивы, по которым суд пришел к своим выводам, и сослаться на законы, которым руководствовался.

Наталья Козлова

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.